



Pou Piblikasyon Imedya: 12/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL FÈ PWOMOSYON SEKIRITE TRAVAYÈ PANDAN SEMÈN SEN E SOF LA 12-18 OUT

Depatman Travay Eta New York la pibliye nouvo enstriksyon pou pwoteje travayè anplennè yo kont chalè ekstrèm, ki disponib [isit la](#)

Konsèy Endemnizasyon pou Aksidan nan Travay Eta New York la òganize seminè sou entènèt gratis sou sekirite espas travay la ak dwa anplwaye yo

Gouvènè Kathy Hochul ap lanse Semèn Nasyonal Sen e Sof (Safe + Sound) la, ki fèt 12-18 out, lè li mete aksan sou inisyativ ak pwogram Eta New York yo pou asire sante ak sekirite travayè atravè eta a. Sa enkli [gid](#) Depatman Travay (Department of Labor, DOL) Eta a fèk devlope pou patwon New York yo pou kenbe travayè anplennè yo an sekirite kont chalè ekstrèm. Risk chalè ekstrèm nan espas travay la lakoz pousantaj aksidan ki pi elve, maladi, blesi ak lanmò. Yo ka afekte tou yon biznis nan reklamasyon endemnizasyon ki ogmante, depans asirans, itilizasyon Konje Maladi Peye travayè, ak diminisyon pwodiktivite travayè a an jeneral. Nouvo gid sa eksplike kijan pou mezire endis chalè a ak etap detaye anplwayè yo bezwen fè pou lè endis chalè a rive 80 degre Fahrenheit oswa pi wo.

“Espas travay ki sekirize se espas travay ki reyisi, e Eta new York angaje pou pwoteje mendèv divèsifye k ap pwospere nan New York la,” **Gouvènè Hochul te deklare.**

“Pandan semèn Sen e Sof la, n ap pwofite de okazyon sa pou atire atansyon sou fason n ap amelyore sante travayè New York yo epi ogmante konesans sou bezwen pwogram ki prevni blesi mendèv la.”

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,

“Depatman Travay Eta New York la angaje pou pwoteje tout travayè, espesyalman pandan evènman chalè ekstrèm yo vin pi komen. Gid nou an ki pibliye jodi a, souliyen etap ki enpòtan anplwayè yo ka fè pou sekirize travayè yo lè yo deyò. Ansanm, n ap kreye espas travay ki pi sekirize epi favorize yon kilti sante ak sekirite atravè Eta New York.”

Lòt inisyativ ak pwogram yo ki mete aksan sou sante ak sekirite travayè yo genyen ladan yo seminè sou entènèt gratis **Konsèy Endemnizasyon pou Aksidan nan Travay Eta a (State’s Workers’ Compensation Board)** ki ede Nouyòkè yo konprann

dwa ak pwoteksyon yo. Pandan semèn Sen e Sof la, Konsèy la ap akeyi yon nouvo wèbinè ak Direktè Sante ak Sekirite Konsèy Travay Santral Buffalo AFL-CIO - Communications of America (CWA) Lokal 1168 la, Denise Abbott jodi 12 out la k ap konsantre espesyalman sou sekirite travayè yo. Sijè yo enkli enpòtan sekirite nan espas travay la, dwa ak pwoteksyon travayè yo, komite sekirite jesyon mendèv, motivasyon pou sekirite pou patwon, ak lòt pi bon pratik pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite nan travay la. Anplis, nan dat 13 ak 27 out, Defansè Travayè ki Blese nan Konsèy la ap fè semèn sou entènèt pa mwa, konpansasyon 101 ak 202 pou travayè yo, respektivman, pou ede travayè yo konprann dwa yo dapre Lwa sou Endemnizasyon Travayè a ak kijan pou depoze yon plent pou benefis. Enfòmasyon sou tout wèbinè sa yo, ki enkli lyen pou enskri a, sou [Sitwèb paj Wèbinè ki Ankou Konsèy la](#). Y ap pibliye anrejistremant yo sou sitwèb Konsèy la apre wèbinè yo.

Otorite Thruway (Thruway Authority) Eta New York la, Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York, Lapolis Eta a, ak Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee) kolabore sou plizyè gwo inisyativ pou kenbe travayè yo an sekirite sou wout ak pon New York yo. Sa yo genyen ladan yo [Pwogram Kontwòl Vitès Otomatize nan Zòn Travay \(Automated Work Zone Speed Enforcement\)](#), [Lwa Mete w sou Kote \(Move Over\)](#) ki elaji a, ak Operasyon Kas Sekirite a. Inisyativ Kontwòl Vitès Otomatize nan Zòn Travay la gen objektif pou fè chofè yo ralanti nan zòn travay yo lè yo itilize rada pou idantifye machin ki depase limit vitès la. Ane pase, pi gwo vitès ki te anrejistre se te yon vitès etonan 224 kmph sou Route 104 nan Finger Lakes. Ane sa, pi gwo vitès ki te anrejistre sou Interstate 95 nan Vil New York se te 188 kmph. Operasyon Kask Sekirite a enplike Sòlda ak ofisyè polis lokal yo ki kanpe kòm travayè mentnans otowout yo nan zòn travay aktif yo pou idantifye epi site chofè k ap fè vitès nan zòn travay aktif DOT yo. Jiska prezan an 2024, ajans fòs lòd yo te bay 1,447 kontravansyon dapre pwogram sa.

Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, AGM) New York gen [gid](#) sou sitwèb li a ki bay travayè nan fèm yo mezi prevansyon ki enpòtan pou diminye efè chalè ekstrèm nan. Depatman an te fè patenarya tou ak Sant New York pou Medsin Agrikòl ak Sante (New York Center for Agricultural Medicine and Health, NYCAMH) pou akeyi yon nouvo wèbinè pou pwopriyetè fèm ak travayè yo ki konsantre sou prevansyon maladi chalè. Prezantasyon sa ke ou ka wè [sou paj YouTube AGM lan](#), kouvri sijè tankou règ pou chalè aktyèl ak sa k ap vini; noubo règleman OSHA pwopoze ak konsiderasyon mendèv yo; siy, sentòm, ak premye swen pou maladi chalè; ak estrateji prevansyon, ki enkli resous ki disponib pou travayè nan fèm yo. Anplis, Depatman an bay finansman pou NYCAMH mete anplwas pwogram sekirite ki enpòtan pou travayè, tankou Fon Sekirite Agrikòl John May (John May Farm Safety Fund) ak Pwogram Rabè Estrikti Pwoteksyon Nasyonal kont Retounman (National Rollover Protection Structures, ROPS). AGM bay finansman tou pou NY FarmNet, ki ofri sèvis ki enpòtan anpil pou sipòte endistri agrikòl la, ki enkli planifikasyon finansye ak yon liy ijans pou pwoblèm sante mantal.

Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health) la travay pou pwoteje sante travayè yo atravè plizyè inisyativ, ki enkli sipèvizyon ak

kowòdinasyon syantifik ak administrativ [Rezo Klinik Sante Pwofesyonèl Eta New York \(New York State Occupational Health Clinic Network\)](#) la, ki se sèl rezo klinik sante pwofesyonèl peyi a ki baze nan eta a; epi pi resaman, Depatman Sante Eta a te rejwenn efò plizyè ajans pou kreye yon Plan Aksyon kont Chalè Ekstrèm pou Eta New York, ki genyen ladan l fason pou abòde sante travayè atravè plan aksyon pou prevni maladi ki lye ak chalè pou anplwaye yo.

Prezidan Komisyon Endemnizasyon Aksidan nan Travay Eta New York la, Clarissa Rodriguez te deklare, "Pèsonn p ap travay pandan l ap prevwa pou l blese. Yo la pou chèche lavi, pou sipòte tèt yo ak fanmi yo, epi li enpòtan pou nou fè tout sa nou kapab pou asire sante ak sekirite yo nan travay la. Atravè wèbinè gratis yo, nou espere pataje enfòmasyon k ap edike anplwayè yo sou resposablite yo epi bay travayè yo kapasite pou leve vwa yo pou plis sekirite nan espas travay yo."

Direktè Egzekitif Otorite Thruway la, Frank G. Hoare, te deklare, "Sekirite nan sant tout sa nou fè nan Otorite Thruway la epi se premye pilye ki oryante prensip nou yo. Depi kòmansman ane sa, Depatman Sekirite ak Sante Anplwaye (Department of Employee Safety & Health) Otorite a te konplete plizyè douzèn fòmasyon ak rankont sou sekirite, ki te fasilite Seyans sou Sekirite ak diskisyon pou ogmante sekirite nan zòn travay yo, te konplete plis pase 200 enspeksyon ak investigasyon, epi te lanse pwogram fòmasyon psikolojik ak premye swen sou Premye Swen/CPR/AED/Kijan pou kanpe Sèyman pou anplwaye nan tout eta a. Objektif nou se pou kontinye devlope yon kilti kote sekirite ak sante se valè prensipal."

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Anyen pa pi enpòtan pase sekirite manm ekip nou yo nan DOT, e Operasyon Kas Sekirite a ak inisyativ kontwòl vitès nan zòn travay nou an fèt preziman pou kenbe sekirite travayè yo lè yo deyò sou wout ak pon nou yo atravè eta a. Nou ankouraje piblik k ap vwayaje a pou sonje ke gen vi ki an je epi pou ralanti epi fè atansyon lè y ap kondui nan zòn travay yo."

Komisè Agrikilti Eta a, Richard Ball, te deklare, "Travayè agrikòl New York yo jwe yon wòl enpòtan nan sistèm alimantè nou epi yo se anplwaye ki esansyèl pou aisre ke fanmi nou yo gen aksè nan manje lokal ki fre. Depatman Agrikilti ak Mache a fyè pou fè patenarya ak divès òganizasyon agrikòl ki bay plizyè pwogram ki konsantre sou sante ak sekirite travayè agrikòl nou yo, pandan n ap travay ansanm pou atenn objektif pataje nou yo pou ranfòse chèn apwovizyonman alimantè a epi devlope endistri nou an."

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare, "Chak Nouyòkè merite yon espas travay ki pran sante ak sekirite yo oserye. Anplil blese ak maladi nan espas travay te ka evite, se poutèt sa Depatman Sante Eta a angaje ak biznis ak kominote yo pou devlope estrateji prevansyon ak edikasyon pou travayè yo, anplwayè yo, ak prestatè swen sante yo pou abòde pwoblèm sante ak sekirite pwofesyonèl yo. Semèn Sen e Sof la se yon moman ideyal pou rekonèt mendèv devwe New York la ak dwa yo pou rete lib de risk ki ka evite, pou rete an sekirite pandan

evènman chalè ekstrèm yo epi pou gen aksè nan fòmasyon sou sekirite ak edikasyon ki apwopriye pou asire espas travay yo vrèman an sekirite."

Enfòmasyon sou Semèn Sen e Sof la

[Semèn Sen e Sof \(Safe + Sound\)](#) la se yon evènman ki fèt chak mwa out ki rekonèt siksè pwogram sante ak sekirite nan espas travay yo epi ki ofri enfòmasyon ak ide sou kijan pou kenbe travayè Ameriken yo an sekirite.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)